



## Règleman pou Vizite

Priyòrite Sant Medikal Boston (Boston Medical Center) se sekirite pasyan nou yo, anplwaye yo ak vizite yo. Pou nou garanti bezwen pasyan nou yo pandan n ap asire nou ke nou gen yon lopital ki an sekirite, nou pral limite vizite yo pou yo pa antre nan sèten zòn akòz COVID-19 la.

### Inite pou Granmoun ki Entène ak Inite Swen Entansif

- Pasyan ki nan swen medikal oswa ki nan swen chirijikal, ki gen rezilta tèst COVID yo negatif yo ap gen dwa pou yo resevwa de (2) vizite an menm tan, ant midi ak 8 è p.m.
- Pasyan rezilta tèst COVID yo pozitif yo gen dwa pou yo resevwa yon vizite alafwa, ak pèmisyon ekip laswenyay la.
- Pasyan ki malad anpil yo, nan tout seksyon anndan lopital la, ka resevwa vizite 24 sou 24/7 jou sou 7.

### Klinik k ap Mache bay Swen

- De (2) vizite pou chak moun gen dwa vini pandan yon vizit klinik ki mache bay swen (ansanm ak Sant pou Kansè) oswa pandan yon vizit pou transfizyon.
- Okenn vizite pa gen dwa al wè pasyan ki gen rezilta tèst COVID pozitif yo. Si w te dyagnostike ak COVID 19 deja, tanpri avèti moun k ap ba w swen an avan w vini.

### Pasyan ki entène nan seksyon pedyatrik/Inite Swen Entansif pou Timoun ki fenk fèt

- Pou pasyan ki nan pedyatri yo, paran yo oswa responsab legal yo ka vizite yo 24 sou 24/7 jou sou 7.
- Pou pasyan ki nan Inite Swen Entansif pou Timoun ki fenk fèt yo, vizit gen dwa fèt 24 sou 24/7 jou sou 7 men se pou de (2) paran oswa de (2) responsab legal sèlman.

### Tranche ak Akouchman

- Twa (3) moun gen dwa vini pou soutni yon pasyan pandan sejou l ap fè pou akouchman ak jou apre yo, pandan youn ladan yo kapab rete dòmi.
- Yon sèl vizite gen dwa vini nan sal pòs-anestezi ak sal triyaj yo.

### Depatman Ijans

- De (2) vizite gen dwa vini men fòk yo jwenn otorizasyon enfimyè pasyan an.

### Sèvis Chiriji

- Yon sèl vizite gen dwa vini nan sal pòs-anestezi pou pwotèz peni an (PACU).

### Pou tout Vizite

- Tout vizite ki poko gen 14 lane dwe toujou akonpaye ak yon granmoun.
- Li obligatwa pou tout vizite gen yon lésé-pasé pou kapab vizite nenpòt pasyan nan nenpòt etaj, epi lésé-pasé 'a dwe vizib pandan tout vizit la. Ou dwé resevwa yon nouvo lésé-pasé chak jou ou vizite yon pasyan.
  - Li obligatwa pou tout vizite montre yon pyès idantite pou yo ka genyen yon lésé-pasé. Si ou pa gen yon pyès idantite, yo ka pran yon foto'w epi ajoute li nan lésé-pasé vizite ou a.
- Tout moun ki malad oswa ki gen nenpòt sentòm (lafyè, tous, souf kout, gòj fè mal, frison, doulè nan misk oswa moun nan fenk kòmanse pa ka pran gou oswa pa ka pran sant anyen) pa gen dwa vin nan vizit.
- Nenpòt moun k ap vizite yon pasyan COVID pozitif ap oblije mete yon mask.